

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar sawatara hal patali jeung kacindekan tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun, implikasi panalungtikan, jeung saran pikeun panalungtikan anu baris dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana analisis data jeung pedaran anu ditepikeun dina bab IV, aya sawatara hal anu bisa dicindekkeun patali jeung konjungsi kohésif dina kumpulan carpon *Haté Awéwé* karya Risnawati, di antarana:

- 1) Dina ieu panalungtikan kapanggih aya 54 jenis konjungsi tina dua puluh carpon nu aya.
- 2) Wangun konjungsi anu kapanggih aya 42 wangun konjungsi monomorfémis, diantaranya 5 konjungsi monomorfémis saengang, 28 konjungsi monomorfémis dua engang, jeung 10 konjungsi monomorfémis tilu engang. Anapon wangun konjungsi polimorfémis kapanggih aya 12 konjungsi, diantaranya aya 4 konjungsi polimorfémis korélatif, aya 7 konjungsi polimorfémis préfiksasi, jeung 1 konjungsi sufiksasi, salian ti éta kapanggoh ogé sadata konjungsi nu kaasup kana konjungsi réduplikasi. Ku kituna, wangun konjungsi nu panglobana muncul dina ieu kumpulan carpon nya éta konjungsi monomorfémis dua engang, sedengkeun konjungsi polimorfémis réduplikasi anu pangsaeutikna muncul.
- 3) Fungsi konjungsi anu kapanggih tina 54 jenis konjungsi dina ieu panalungtikan bisa dipasing kana 13 konjungsi satata (*koordinatif*) pikeun nyambungkeun babagian kalimah anu satata. Konjungsi sumélér (*subordinatif*) pikeun nyambungkeun babagian kalimah nu teu satata antara indung kalimah jeung sélér kalimah nu kapaluruh aya 36 konjungsi. Konjungsi papasangan (*korélatif*) pikeun nyambungkeun babagian kalimah anu ngahapit unsur nu disambungkeun nu jumlahna aya 4 konjungsi, sarta aya sadata konjungsi anteuran pikeun nyambungkeun kalimah kalimah dina paragraf atawa paragraf-paragraf dina wacana. Ku kituna, fungsi nu panglobana dipaké dina ieu kumpulan carpon téh nya éta konjungsi sumélér (*subordinatif*), sedengkeun nu pangsaeutikna muncul nya éta konjungsi anteuran.

- 4) Tina sakabéh data konjungsi nu aya dina kumpulan carpon *Haté Awéwé*, ma'na konjungsi nu panglobana muncul nya éta anu nuduhkeun hubungan sabab jeung nuduhkeun hubungan lalawanan. Jumlah data nu kapanggih masing-masing aya 8 data. Hubungan sabab ngajéntrékeun ayana alesan lumangsungna kaayaan atawa paristiwa, sedengkeun hubungan lalawanan nuduhkeun lalawanan antara kajadian, barang atawa hal jeung kajadian, barang atawa hal nu séjén.
- 5) Risnawati salaku pangarang loba ngagunakeun konjungsi pikeun ngawangun sakabéh carita kalawan gembleng. Anapon kitu, Risnawati tetep bisa nyiptakeun hiji karya nu bisa ditarima ku masarakat. Lantaran ngagunakeun konjungsi nu basajan, pangarang masih bisa nyiptakeun tur ngawangun hiji carita nu bisa ngirut pamaca. Salian ti karya-karyana nu ilahar kaalaman dina kahirupan sapopoé, gaya basa pangarang nu basajan nyieun ieu karya babari dipipaham. Minangka salasihiji sastrawan Sunda, tangtu Risnawati mibanda poténsi nu gedé dina ngawarnaan sastra Sunda. Katapis dina ngolah basa Sunda tangtu jadi modal dina prakna ngarang. Tina sakabéh karya Risnawati, nu maca bisa ngarasakeun kumaha lancarna nu ngarang ngadongéngkeun jejer lalakonna, tur taya hahalang téknis pikeun ngulinkeun basa nu ilahar katémbong di sawatara pangarang, salasihijina Risnawati nu miboga kamampuh pikeun ngobét kalawan gemet kosa kecap tina basa wewengkon Subang.

5.2 Implikasi

Data anu kapaluruh dina ieu panalungtikan ngeunaan larapna konjungsi minangka hiji unsur kohésif wacana miboga implikasi, nyaéta (1) bisa ngajembaran pangaweruh utamana dina widang kabasaan patali jeung konjungsi salaku unsur kohési dina hiji wacana boh lisan atawa tinulis, jeung (2) bisa jadi sumber référénsi pikeun panalungtikan kabasaan séjén atawa jadi référénsi bahan ajar patali jeung analisis kabasaan.

5.3 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeun ieu panalungtikan ngeunaan konjungsi kohésif dina carpon *Haté Awéwé*, aya sababaraha saran anu baris ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan, nyaéta: Konjungsi anu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta tina

wacana karya tulis fiksi. Tangtu bakal leuwih hadé saupama ka hareupna aya panalungtikan konjungsi dina wacana lisan, sangkan nambahan référénsi tina médium wacana nu séjén.

DAPSTAR PUSTAKA

- Alwi, Hasan, spk. 1993. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia*. Edisi Kedua. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Republik Indonesia.
- Aminuddin. 2008. *Semantik: Pengantar Studi tentang Makna*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
- Anjarsari, S. 2015. *Ulikan Struktural jeung Ajén Moral Dina Kumpulan Carpon Sanggeus Umur Tunggang Gunung Karya Usép Romli H.M pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP*. Skripsi. Universitas Pendidikan Indonesia. Bandung.
- Ardiansyah, Andri. 2014. *Adegan Wacana Prosa Fiksi Basa Sunda (Analisis Kohési, Konjungsi, jeung Kohérénsi dina kumpulan carpon Kanangan Jilid*. Skripsi. Universitas Pendidikan Indonesia. Bandung.
- Arikunto, S. 2010. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Badara, Aris. 2012. *Analisis Wacana Teori, Metode, dan Penerapannya pada Wacana Media*. Jakarta: Kencana Prenada Media Group.
- Chaer, Abdul. 1990. *Penggunaan Preposisi dan Konjungsi Bahasa Indonesia*. Flores NTT: Nusa Indah.
- Chaer, Abdul. 2011. *Ragam Bahasa Ilmiah*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2012. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul., & Muliastuti, L. 2014. *Semantik Bahasa Indonesia. In Makna dan Semantik*. Jakarta: Universitas Terbuka.
- Chaer, Abdul. 2015. *Sintaksis Bahasa Indonesia Pendekatan Proses*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Djawanai, Stephanus. 1977. *Pengakuan Pariyem: Tinjauan Singkat dari Segi Sociolinguistik*. Makalah.
- Durahaman, Duduh. 1991. *Sastra Sunda Sausao Saulas*. Bandung: Geger Sunten.
- Halliday, M.A.K., & Ruwaiya Hasan. 1976. *Cohesion in English*. London: Longman.
- Irawan, spk. 2022. *Analisis Jenis Konjungsi Pada Cerpen 'Mawar Di Tiang Gantungan' Karya Agus Noor*.
<https://jurnal.unimor.ac.id/PSN/article/view/2874>
- Iskandarwassid. *Kamus Istilah Sastra*. Bandung: Geger Sunten.
- Isnendes, Retty. 2010. *Teori Sastra*. Bandung: JPBD FPBS UPI.